Гүлистан ДӘЎЛЕТОВА



# СЕНИҢ ДӘРТИҢ МЕНЕН ЖАСАЙМАН, ҲАЯЛ !

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» БАСПАСЫ
2001

www.ziyouz.com kutubxonasi

50 (Қар 4и)
Д — 204

ГҮЛИСТАН ДӘЎЛЕТОВА.
*СЕНИҢ ДӘРТИҢ МЕНЕН ЖАСАЙМАН, ХАЯЛ!*
Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2001-жыл, 64 бет.



Гүлистан Дәўлетова 1959-жылы Бозатаў районында, Шахаман аўылында туўылған. 1976-жылы райондағы №14 Гагарин атындағы орта мектепти тамамлаған. 1983-жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң романо-герман факультетин табыслы тамамлап, оқытыўшылық кәсибин даўам етип жүрип, 1993-жылы усы университеттиң филология факультетиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты қәнигелигин тамамлап, 1993-жылдан баслап Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде ҳәзирги қарақалпақ әдебияты ҳәм әдебият теориясы кафедрасында оқытыўшы лаўазымында ислеп атыр.

Автор Г. Дәўлетованың қосықлар топламында сап сезимлерге толы лирикалары орын алған.

Д $\frac{8606000044 — 692}{М — 357(04) — 2001}$ Буйрық — 2001

ISBN 6- 94 - 56 - 22 - 10

© «Қарақалпақстан» баспасы, 2001

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕЗИМЛЕР ҚУРСАЎЫНА ОРАНҒАН ПОЭЗИЯ

Орыс әдебиятында, араб әдебиятында қызлар уйқасы (Женская рифма) деген бар. Ал, түркий халықлар әдебиятында уйқасты ерлер ҳәм қызлар уйқасы деп бөлиў дәстүри жоқ тә, бирақ қудайға шүкир, ҳаял-қызлар поэзиясы бар. Өмирдиң өзи ҳаял-қызларсыз гөззал емес. Әдебият та оларсыз әбигер ҳалға келип қалатуғыны сөзсиз. Өйткени, олар ерлерге салыстырғанда дүньяға, өмирге, әдебиятқа да басқаша көз-қарас пенен қарайды. Ерлер базда жаратылыс, көбейиў, дүньяға келиў ҳәм кетиў, өсип өниў сыяқлы иләҳий түсиниклерге үстиртин мән бериўи мүмкин. Ал ҳаял-қызлар буларды өмирдиң тийкары деп түсинеди. Себеби, олар — аналар. Базда ерлердиң гөззаллық туйғылары, гөззаллықты сүўретлеўи ербекей -сербекей бир нәрсе болып шығыўы мүмкин. Ал ҳаял-қызлардың әдебияттағы гөззаллықты жаратыўы - бул шын мәнистеги гөззаллық. Себеби, олардың өзлери гөззаллар, олардың тәбиятына гөззаллық қанына қарысып әззелий сиңип кеткен. Шайыра Гүлистан Дәўлетованың поэзиясында да ҳаял-қызлар поэзиясына тән болған барлық жақсы пазыйлетлерди көриўге болады.

Әдебий шығарма дөретиўшисиниң перзенти деген түсиник бар. Сонлықтан да, дөретиўшиси өзинде бар болған жақсы ҳәм жаман сыпатларды оған өткереди. Оны өзиниң кеўил сүти, меҳри менен азықландырады. Дөретиўшиниң кеўил сүти қаншелли мазалы, жуғымлы, татымлы болса, "перзенти" де шекеси торсықтай сүйкимли, өмиршең болып жетилисери сөзсиз. Гүлистанның шығармаларын оқып отырып та оның өз "перзентлеринен" кеўил сүтин де, меҳир сүтинде аямағанын көремиз.

Гүлистан менен кәсиплес болғанлықтан шығар, оның поэзиясы менен жақыннан таныспан. Әдебий процессти, улыўма әдебий қубылысты бақлап барыў кәсибимиз болғанлықтан жаңа көркем шығарма пайда болыўының еки түрли жағдайы бар екенлигин аңғарамыз. Биринщиси, көркем шығарма жарыққа шықпаса болмайтуғынлықтан жарыққа шығады, екиншиси, ол жарыққа шығыўы керек болғанлықтан усылай исленеди. Гүлистанның шығармаларын



www.ziyouz.com kutubxonasi

усылардың биринши тайпасына жатқара беремен. Себеби, Гүлистан базылары жумысқа ертерек келип, кәсиплеслерине мен бүгин қосық жаздым деп оларды толқып оқып береди. Тыңлаўшысының қосықты тыңлаўға тақаты барма, жоқпа, оның менен санасып та отырмайды. Сени қақ маңлайына отырғызып қойып жазған қосықларын оқыйды. Усыннан - ақ, оған қосық жазыўға себепши болған ойлар қаншелли тынышлық бермегенин, тыпыршылаған ойлардың шығармасын басқаға оқып берип ҳәўирин баспағанша тыншытпай атырғанын сезип қаласаң.

Гүлистан Дәўлетованың әдебиятымызға шайыр сыпатында кирип келгенине жигирма жылдың майданы болып қалыпты. Оның қосықлары республикамыздың барлық баслымларында жәрияланды, радио, телевидение арқалы оқылды. Бир қатар қосықларына нама жазылып көпшиликтиң сүйип тыңлайтуғын қосығы сыпатында атқарылып та жүр. ("Сезбедиң бе сен", "Қыз сағынышы", "Қыз сыры" ҳ.т.б.) Бирақ жоқарыда айтқанымыздай жаңа қосығын басқаларға тез оқып бериўге қаншелли асықпасын, оларды топлам сыпатында усыныўға да соншелли сабырлылық сақлаған. Ол қосықларын қайта-қайта ислеп пикирин көпшиликтиң дыққатына усынатуғын шайырлар тайпасынан. Қолыңыздағы топлам автордың биринши китабы.

Шайырдың шығармалары кем-кемнен шыңланып, дөретиўшилигиниң жетилисип киятырғанын оның соңғы дәўирде жазған қосықларынан байқаўға болады. Оның "Арал арыўының монологи", "Ана жер- ана", "Қарлығаш екен қыз бала", "Қуўат бер сен Тумариса анажан", "Сениң дәртиң менен жасайман ҳаял", "Ағалар" ҳ.т.б. қосықлары шын мәнисиндеги сап поэзия. Таза лирика сап сезимлерге қурылып, ол сезимлер оқыўшыны өзиниң сырлы қурсаўына орап алады. Гүлистанның қосығын оқыған адам да бийтәреп қала алмайды. Себеби, шайыраның сезимлерге толы поэзиясы бизиң кеўил сандығымызға жақын.

Өмир деген гөззал мийманханаға,
Бундай да мың дәртли мийман толар ма?!
*"Арал арыўының монологи".*

Перзентиңмен туўған жер деп табынған,
Бағры қәстем шорлы көрпе жамылған.
*"Ана жер ана".*

Сағыныш оты алаўлап,
Жанарым жасқа тирелди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаларман музға бузаўлап...
Орнынан таппай әкемди,
*"Қарлығаш екен қыз бала."*

Жер ананың кәсте бағры мың тилким,
Фархадым жоқ жигитлер көп мың дүркин.
Шыңғытып жиберейин Аралға бөркин.
*"Қуўат бер сен Тумариса ана жан".*

Жоқ, жоқ, бул пессимистлик лирика емес. Шайыра Гүлистан Дәўлетованың қосықларында адам тәғдири проблемасы баслы орында турады. Бул өзи туўылып өскен мәканының машқалалары адамзат дәрти менен жасайтуғын шайыраның тебиренислери. Олар сениң сезимиңе түртки салып, сени бийтәреп қалдырмайды.

Гүлистан Дәўлетованың қолыңыздағы топламына енгизилген қосықларында қурамалы метафораға қурсанған қатарлар да сезимлеринди жымбырлатып сениң санаңа эсте-ақырын сиңип саған ҳәз беретуғын бәйитлер де, уйқылы ояў отырған адамға муздай суў серипкендей тәсир жасайтуғын бәнтлер де бар.

Қосықлар топламының жәрияланыўы шайырдың шайырлыққа тусаўын кесиўи менен барабар. Әдиўли оқыўшы соңғы ўақытлары қатары кемейип ғаррылардың тисиндей сийрексип қалған қарақалпақ шайырларының топарына және бир шайыр келип қосылған мүнәсәбети менен сизди де қутлықлап, шайыраға узақ-узақ айдын мәнзиллер тилесек.

Қуўанышбай ОРАЗЫМБЕТОВ,
*филология илимлериниң кандидаты,*
*доцент*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Идиралды қосықлар топламым өмирден ертерек атланып, мени ертелеў есейтиңкиреп кеткен меҳрибан анам **Икмат қызы Зәўрениң**, әдиўли әкем **Дәўлет улы Өтемистиң** ҳәм әрманлы кеткен улым **Айдостың** рухларына ядыгарлық болсын.*

**Автор**

## СЕНИҢ ДӘРТИҢ МЕНЕН ЖАСАЙМАН, ҲАЯЛ!

*„Ҳаял пидайылықтың не екенлигин түсинип ғана коймай, өзин пидә етиўди де жақсы биледи".*

И. Тургенев

Мыңсан тәшўиш мойныңызға жегилген,
Өрт ҳәўири сезиледи demiңнен,
Қумардың қызлары, қой, ҳеш егилмең!...
Сенлик төзим менен жасайман, ҳаял!

Қабағы қатыңқы, Баршынайларым,
Қолласыўға жоқ па я арысларың?!
Қәлбимди тырнаўшы бар налышларың,
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!

Айналаман, сениң алтын басыңнан,
Ушқын алған от бүркиген жасыннан,
Намыс шерик, арың - өлшеў тасыңман,
Сенлик сезим менен жасайман, ҳаял!



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Лабағына“ сәл-пәл ақыл сүйкесең,
Түпсиз гүби тутарма екен үйкесең,
Сыртқы көзге сулыў Сүйинбийкесең [1],
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!

Базда ақыллысаң телпек кийгеннен,
Тумарис қылыш алды қолға күйгеннен,
Мәртликке табынып басым ийгенмен,
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!

Тәғдир сени мың силкилеп сынаған,
Күнлериң көп иштен тынып жылаған,
Талайға тән берип бәрҳә шыдаған,
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!

„Қырқында Нырқы“на келмегенлер бар,
Жөн-жосақ үйине кирмегенлер бар,
Гежирленип „жолдан“ жүрмегенлер бар,
Сенлик күйинеште жасайман, ҳаял!

Бас жибин мойнына салайын дейсең,
Сыртынан сер салып қарайын дейсең,
„Шаңын“ қағып-қағып алайын дейсең,
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!

Таўдай жигер-көзде жасың тыйғызған,
Бала, дала, үй, ырысқы жыйғызған,
Сен-түпсиз океан бәрин сыйғызған,
Сенлик әрман менен жасайман, ҳаял!

Мың нар бар көксинде шөгип жатырған,
Сыңарласың Арал дузлап қатырған,
Қайғысыз қыз тахтын жойтып отырман,
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял!

*март 2001-жыл*

---

ғай Ордасының уллы бийи Юсуп султанның қызы Қазан
пенен берилген. Соңынан азмаз ўақыт тахт мийрасхорь
— *автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕЙИШТЕН ОРНЫНДЫ ТАБАСАҢ, ҲАЯЛ

*(Арал арыўына)*

Қайнап-қайнап сүти тасқан қазандай,
Ақ көбиктей жерге төгилежақсаң,
Аралдағы қырлап қалған сазандай,
Қамығып, қара жерге көмилежақсаң.
Ай жүзин дәрт жалап, сырныққан ҳаял!
Дебдиўге демленип демиккен ҳаял!

Тутлар сыйдамланған кеўил бағында,
Қайғы муң жамылған зербарақ жапырақ,
Мың қайғыр бийпайда, сеннен бийғәрез,
Алады баўырына анаң топырақ.
Бес күнлик миймանбыз жанықпаң, ҳаял,
Үмит жибин үзип тарықпаң, ҳаял.

Бул жәҳән ийилип берсин мың сәлем,
Кетсин қарызының шети өтелип,
Өгиздиң шақында турған жоқ әлем,
Ҳаяллар тур желкесинде көтерип.
Сонлықтан Мухаддес Кабасаң ҳаял!
Бейиштен орныңды табасаң, Ҳаял.

## ҚАРЛЫҒАШ ЕКЕН ҚЫЗ БАЛА

*— Апа, неге қарлығаштың уясын бузыўға болмайды?*
*— Балам, қарлығаш кийели қус, бахытлы үйлерге уя салады...*
(Кемпир апасы ҳәм ақлығының гүррыңлесиўинен).

Қарлығаш келсе таң сәҳәр,
Бездирмең баллар уядан,
Тилеклес болып ҳәр бәҳәр,
Қанатлап келер қыядан...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарлығаш екен қыз бала,
Уштым да кеттим уядан,
Аўыл ел қыймай қызғана,
Ушырды наилаж уядан.

Кийели қустай қанатлап,
Жылына бир-ақ барарман,
Үкемлер қолын шаппатлап,
Аўылға хабар таралған.

Шешемлер келер алыстан,
Жаўлығын қыя жамылып,
Айланып кетсин туўыстан,
Анамдай турар табынып.

Көзинен меҳир ағылып,
Жеңгемлер қушақ жайысар,
Кеўлимди зәрре бағысып,
Ақ бийкеш десип майысар.

Ағалар турар сыр бермей,
Көзиниң жасын сыпырып,
Инилер турар сездирмей,
Сағыныш лебин жасырып.

Келинге сирә сөз барма?!
Боз үйдиң ерке бийкеси,
Қәлбимди неге қозғарман,
„Суў көтермес сиркеси"...

Анамсыз ҳүўлеп турғандай,
Ордамның алтын иргеси,
Жалғыз Кабам бола алмай,
Жуўырысып жүр ҳәммеси.

Сағыныш оты алаўлап,
Жанарым жасқа тирелди,
Қаларман „музға бузаўлап"...
Орнынан таппай әкемди.

Жанығып жерге желинлеп,
Таўларым қайда, жойтарман?!,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлимди сәл жүўенлеп,
Сегбирлер тартып қайтарман.

Қарлығаш келсе ҳәр бәҳәр,
Бездирмең баллар уядан,
Жақсылық тилеп таң сәҳәр,
Қанатлап келер қыядан...

## АНА ЖЕР АНА

Перзентиңмен Туўған жер - деп табынған,
Бағры қәстем, шордан көрпе жамылған,
Қәлбимде қоз, жаным дәртли ҳалыңнан,
Саған сыңар муңлы қуспан, Жер Ана.

Үмит жиби- қазық беккем байланған,
Қабағынан бозлы думан байқалған,
Нарт шыбықтан нәрўан болып шайқалған,
Жаны сенлик бир қызыңман, Жер Ана!

Тухым сепсем дән болдың сен асыма,
Ылай етсем пана болдың басыма,
Әтирапымды бөлеп қызыл жасылға,
Жаннетке айналдың сақый, Жер Ана.

Мийнетим "шөжелер" ерте бәҳәрде,
Иске түстим жең түринип сәҳәрде,
"Суў" деп мойнымызды созған мәҳәлде,
Бир қосылып гүңирендик, Жер Ана.

Төрт рең липаслы келбетлисең сен,
Алтын ғәзийнели, дәўлетлисең сен,
Суўлар толқып ақса, шәўкетлисең сен,
Ҳәммеге бирдейсең, Ана Жер - Ана.

«Алҳаббиз»- деп батырларша сайланып,
Туўған жерге бир киндиктен байланып,
Шөл палўаны сексеўилге айланып,
Жаныңа шоқ салажақпыз, Жер Ана.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрман қабырғасын қалай сөтермен!?
Перзентлик парызын қәйтсем өтермен!?
Жақсы ҳәм жаманды теңдей көтерген,
Арўана булақсаң жайсаң, Жер Ана!
Ҳәммеге бирдейсең, Ана Жер - Ана!

*12-май 2001-жыл*

## ХОШ ҚАЛ СЕН, ҚЫЗ ТАХТЫМ – АЛТЫН ДӘЎРАНЫМ

Көзгенеңнен „бир сыр“ аңлап қаларман,
Қыяллар ылағып ойға таларман,
Жаным лаўлап әндийшели сезимнен,
Күннен-күнге Ләйли болып барарман.

Сезимлерим сенлик кетпегил жырақ,
Жаңымды айралық отына қалап,
Мәжнүн болып қыя шөлге кеттиң бе?
Жоқлап сени кеўил қалды тунжырап.

Сен келдиң қанатлап, қәлбим султаны,
Көшти кеўлимниң бултлар кәрўаны,
Үмит атқан таңнан, қолымды бердим,
Хош қал сен қыз тахтым-алтын дәўраным.

Мәжнүн тал тасалап, бизди жасырды,
Мухаббат от екен, қызыл жасынлы,
Сезимлер жулқынды, үзип туғырын,
Жангенем көксиңе қойдым басымды.

*12-август 1980-жыл*

## ИЗЛЕМЕСКЕ ТӨЗИМ ЖОҚ

Айтылмай бир сөзиң ләбиңде қалды,
Сыр болып қалғаннан ақылым лалды,
Кеўилге тилсимли ғулғула салды,
Буннан артық жанды жағар сезим жоқ.
Және бәҳәр келди, онда өзиң жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балықтайман қырда қалып демиккен,
Отлы шоқпан лаплап шыққан көриктен,
Жалынлады, жаным сол бир мәўриттен,
Жанған жерге жамаў болар бозим жоқ.
Және бәҳәр келди, онда өзиң жоқ.

Ышқы гүлханында лаўлап жанарман,
Суўсыз шөлиркеген гүлдей соларман,
Фархадын излеген Шийрин боларман,
Соңғы демде излемеске төзим жоқ.
Және бәҳәр келди, онда өзиң жоқ.

Шәменлер өзиңсиз ғунша байламас,
Шөл әтирап гүл жамылып жайнамас,
Бәҳәр келди, бағда бүлбил сайрамас,
Сени излеп кеўлим кетти, изим жоқ.
Және бәҳәр келди, онда өзиң жоқ.

Және бәҳәр келди, онда өзиң жоқ,
Соңғы демде излемеске төзим жоқ.

## СЕЗБЕДИҢ БЕ СЕН?!

Сырға толы нәзериңнен жалынлы,
Кеўлим шуғлалы нурға малынды,
Әндийшели сезим бийлеп жанымды,
Дүнья тар болғанын, сезбедиң бе сен?!

Жүрегим таўланар сени сорағлап,
Көзлерим интизар жолға қарағлап,
Бир илаҳий мөлдир сезим алаўлап,
От болып жанғанын, сезбедиң бе сен?!

Сезбегенге салып қыя бақпадым,
Қыз — патшадур, беглик туўын жықпадым,
Көзге илмегенсип сырттан бақладым,
Кеўлим аўлағанын, сезбедиң бе сен?!

Тилсим сезимлерге жанып қайтадан,
Саўлатыңды көрсем үмит артаман,
Дилгир Сәнем болып қосық айтаман,
Дүнья тар болғанын, сезбедиң бе сен?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Сөзи:* Гүлистан ДӘЎЛЕТОВА
*Музыкасы:* Қәдир Ҳилалов

## ҚЫЗ СЫРЫ

Сезимлер илинип, кирпик оғына,
Нәзерлеп жибердиң кеўил бағыма,
„Сүйдим" деген сөзди тилсиз баянлап,
Жанымды таппадың ышқы шоғына.

Долы сезим толқынында таўланып,
Аңсыз қусша қалғандайман аўланып,
Такаббырлық туўын эсте ийдим мен,
Тилсим сөзлериңнен қәлбим байланып.

Кеўлимниң қуяшы, мийўалы бағым,
Сениң көзлериндей шуғлалы таңым,
Кеўил сарайымның төринде мудам,
Нур шашып жарқырап турарсаң жаным.

Долы сезим толқынында таўланып,
Аңсыз қусша қалғандайман аўланып,
Такаббырлық туўын эсте ийдим мен,
Тилсим сөзлериңнен қәлбим байланып.

*1980-жыл*

## КҮТЕРМЕН ЖАНЫМ

Қәлбимниң көзи бар бир сырды аңлар,
Байқадым тек емес сезимде жан бар,
Саған сыңарластай шуғлалы таңлар,
Мен сени асығып күтермен жаным.

Бәҳәр самаллары өпсе жүзимнен,
Сыйдамланып сабыр, тақат төзимнен,
Жулдыз жанса көзиң бе-деп сүзилген,
Жабығып, жанығып күтермен жаным.

Көринбесең гүңгирт тартып әтирап,
Бозлы думан қәлбим қалар тунжырап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлимдесең кетегөрме сәл жырақ,
Шоқ болып жалынлап күтермен жаным.

Бәҳәр самаллары өпсе жүзимнен,
Сыйдамланып сабыр, тақат төзимнен,
Жулдыз жанса көзиң бе-деп сүзилген,
Жабығып, жанығып күтермен жаным.

## МЕН ӨЗИҢЕ АШЫҚ БОЛҒАН ҚУСАЙМАН

Ғумшаланса мухаббаттың урқаны,
Лаўлап жанар ашықлықтың гүлханы,
Беглик туўын ийдим қәлбим султаны,
Мен өзиңе ашық болған қусайман.

Жалынлайман, жалындайман жангенем,
Алаўлаған сенлик сезимлерден мен,
Қой кеўил деп өзим безинген менен,
Ләйлиге сыңарлас болған қусайман.

Ашықлық қосығын айтсам жанығып,
Сағыныш жәм болар қанат тағынып,
Асаў жүрек сезимлерге бағынып,
Қус қанатлап ушатуғын қусайман.

Жалынлайман, жалындайман жангенем,
Алаўлаған сенлик сезимлерден мен,
Қой кеўил деп өзим безинген менен,
Ләйлиге сыңарлас болған қусайман.

*Сөзи:* Гүлистан ДӘЎЛЕТОВА
*Музыкасы:* Қәдир ХИЛАЛОВ

## ҚЫЗ САҒЫНЫШЫ

Кеўлим кеўилиңди шақырар сайға,
Ышқы отын жаққан көзлериң қайда?!
Бир мәргия бардай сен жүрген жайда,
Кеўлим қанат байлап асығар саған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнлер өтип атыр жылыслап әсте,
Сени көрмегели жүрегим қәсте,
Усынайын жаным саған гүл дәсте,
Менлик болсаң жылдырымдай асық сен маған.

Саған жетермекен кеўлим наласы,
Тек өзиңсең дәртлеримниң даўасы,
Мени Ләйли еткен көзиң аласы,
Атқан таңларымды сарғайтпа маған.

Жыллар өтип атыр жылыслап әсте,
Сени көрмегели жүрегим қәсте,
Усынайын жаным саған гүл дәсте,
Менлик болсаң жылдырымдай асық сен маған.

## ҲӘЗИРЕТИ ҲАЯЛ

Ҳүрметиңе шахлар тәжим етердей,
Тәрийпиңнен қағаз жанып кетердей,
Ай жүзинди еслеген бир жолаўшы,
Сахра шөлден суўсын ишпей өтердей,
Қудиретли бир күшсең ҳәзирети ҳаял.

Бала - шағам дейсең мың сан машқалаң,
„Ала қапты" арқалаған жас жанаң,
Ериң — пириң болған дәўлетли қусың,
«Шабазым» деп арқаңнан бир қақпаған,
Жансебил нарымсаң, ҳәзирети ҳаял.

Нашар-деп ким койған сениң атыңды,
Шын полаттан соққан ҳасыл затыңды,
Пиллер теңселгендей аўыр жүк пенен,
Жарыста жеңип өттиң „темир қатын"ды,
Жалыннан жаралғансаң, ҳәзирети ҳаял.

## КӨРИНБЕС

Қанаты қыйылған қустайман сенсиз,
Көклерге шарқ урып ушпайман сенсиз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәңгилик музқала қыстайман сенсиз,
Шәменлер елинде жазлар көринбес.

Дәрттен ат көтермес қырман шашладым,
Қәлбим қәстеликтен толып таспадым,
Зәҳәр яңлы шийрин сөзи басқаның,
Нурға толы алтын таңлар көринбес.

Жаным жанығады ҳижран дағында,
Ғуншалар гүл ашпас кеўил бағымда,
Жаслығым-алтын жаз әйне ўағында,
Боз думан артынан айлар көринбес.

Туттай төгилермен усап гүзлерге,
Мың пәрше кеўилим сени излеўде,
Ләйли болып шығар болсам дүзлерге,
Мени күтип алар, Мажнун көринбес.

## ӨЗБЕКСТАН АНА ДИЯРЫМ

Жүрегимде жаным менен,
Тамырдағы қаным менен,
Ақыл есим аңым менен,
Хызметиңде бар болайын,
Өзбекстан, алтын диярым.

Бийғәрез ел нур жайнаған,
Жасыл гилем қыр айналам,
Алпамысқа сай ҳәр балаң,
Хызметиңе тақ турайын,
Өзбекстан, жәннет мәканым.

Дәўлет қусы пәрўаз еткен,
Қуяш сүйер төсин көктен,
Бахыт, ығбал несип еткен,
Күнлериңди мен қорғайын,
Өзбекстан, ана диярым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘМИЎДӘРЬЯҒА ШАҒЫНЫЎ

Аҳ, ураман сийнеме ийне тыққандай,
Әмиў, қайда қалдың бөгет жыққандай?!
Дәртли Аралға дәрман болшы тек өзиң,
Қара бултты қақ айырып шыққандай.

Сен Жайҳунсаң, асаў атың кешкенди,
Жуўасымай көтерсеңши еңсенди,
Қанға қарысқансоң ылай суўларың,
Қарақалпақ сени таслап көшпеди.

Суўларың сарқылып бағлар қуўрап тур,
Сазан, сүўенлериң сыртта туўлап тур,
Ана сүтинен де табылып зәҳәр,
Келешек әўладыңның қанын уўлап тур.

Массагет әўлады батыр халқың бар,
Көклерге көтерип сени улығлар,
Жуўып өте алмасаң аппақ шорларды,
Жан даўыста айтатуғын дады бар.

Және бул жәҳәнди гезбекшимиз бе?!
„Посқан ел"ди бастан кешпекшимиз бе?!
Паянлы бир ата Мәкан дүзе алмай,
Аралдың дәртинен көшпекшимиз бе?!

Жоқ, жоқ көшиў ойы келмейди басқа,
Жер жәннети жетпес өзиңе ҳасла,
Тек мәдет күтемиз тәңирден, сеннен,
Қанымыз қарысқан сенлик жағысқа.

Жер анамыз дуздан көрпе жамылды,
Бурқып аққан суўларынды сағынды,
Дуз шаңларын жуўып әзийз журтымның,
Көрсет, Жайҳун дойнағыңда барынды.

*1995-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҒАЛАР

*Қарақалпақ бермес қызын,*
*Барлығы да мениң „қозым“,*
*Қыз аларсаң өлсем өзим,*
*Деп Асан ер Қоқан келди.*
(Бердақ)

Бағымдағы өсирген бир лала деп,
Әзелийден нашар муңлы бала деп,
Бағы жанса шәўкетли бай қала деп,
Қызлардың зор бахтын тилер ағалар.

Асан батыр хан алдында қайтпаған,
Дар алдында беглигин ҳеш жойтпаған,
Қызлар қайда? мәкән жайын айтпаған,
Намыс арды уран еткен ағалар.

Қарындас- ар намыс, абырай шерик,
Парасатлы қызлар елине көрик,
Асан инилери сертине берик,
Қызды муңайтпаған бизиң ағалар.

„Қозым“ деп қулақ қойған қыздың зарына,
Теңин тапса қарамайды барына,
Қыйын күнде жүрмесин деп тарыға,
Жоқ жеринен жоныл берген ағалар.

Қызды әке мал орнына теңгерсе,
Мал бергени ат алдына өңгерсе,
Жеңгеси де жең ушынан қол берсе,
„Аҳ“ деп қалған алаңғасар ағалар.

Жүз мың дағлы ҳәўжар айтса кетерде,
Муңлы қусшам жыламасын жат елде,
Атасына қарсы шығып ат ерге,
Минип ерен ерлик еткен ағалар.

Қыздың жолы нәзик сырын айталмас,
Жеңге-муңлас, аға-қорған шайқалмас,
Қарындасқа қалқан болып тайсалмас,
Қанатлыға қақтырмаған ағалар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МӘҢГИДУР УЛЛЫЛЫҚ ЖОЛЫ БЕРДАҚТЫҢ

Ала мойнақ дуўтар алып қолына,
Жақсыларды жыйнап оңыў-солына,
Садық болған ҳақыйқатлық жолына,
Алмас қылыш киби сөзи Бердақтың.

Халық ушын уйқысыз таңлар атырды,
Ерназар бий қурған жасыл шатырды,
Айдос баба, Амангелди батырды,
Дәстан етип жазды өзи Бердақтың.

Ығбал соқпағында бахтың тайып,
Жүрген күнлер болды көзлерден ғайып,
Бүгин қумай қусы қанатын жайып,
Азат, абат енди журты Бердақтың.

Жаўлар халықтың ар-намысын басқылап,
Жүргенде жанарлар муңлы жас булап,
„Халық ушын" ел менен болған „Жақсырақ",
Шайырлық ураны еди Бердақтың.

Ана тәбият оны көгерткен ерек,
Әтирапында өскен нәлшелер дөреп,
Әдебиятта бәрҳә жасыл Байтерек,
Әплатундай аты машҳур Бердақтың.

Бир жүзде жетпис жыл көп ара жырақ,
Яқ, ол арамызда ҳәр күни бирақ,
Әжинияз ҳәм Бердақ-еки шамшырақ,
Мәңгидур уллылық жолы Бердақтың.

## СИЗДИ ОҚЫСАМ

*(И. Юсуповқа арнаў)*

Сизди оқысам, қыр әтирап лалазар,
Ҳәмме адам шәмензарда жүргендей,
Бир-биреўге мийман болып бийазар,
Босағама күлим қағып киргендей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизди оқысам, барлық „сулыў сырғалар“,
Жигитлерди Мәжнүн қылып кеткендей,
Қара талдың шақалары ырғалар,
Сәўирден бир самал келип жеткендей.

Сизди оқысам, дәрья болып кетермен,
Ел халқыма ығбал инам етермен,
Дуз шаңларын жуўып ана жеримниң,
Аралға мен Жайҳун болып жетермен.

Илҳам йошың Жайҳун менен сағалас,
Тарыққанға медет „Үмит ағаш“ың,
Сиз өзиңиз халық пенен қаналас,
Ҳәргиз сөндирмеңиз, үмит қуяшын.

Сизди оқысам, батыр болып кетермен,
Ел-журтыма ҳадал хызмет етермен,
Сиздей шайыр барлығына қуўанып,
Алдында ийилип тәжим етермен.

*1995-жыл*

## ГҮЛАЙША АПА

Сөз бир булақ болса, мөлдир көзисең,
Бийпатма ким десе, нағыз өзисең,
Сырға толы қаракеңниң сөзи сен,
„Пайғамбар қыз“ яңлы, Гүлайша апа.

50-жыл азық еттиң нанын баспаның,
„Я, пийрим Патма“ деп жумыс басладың,
Қызларға үлги болып қәдем тасладың,
Шолпан жулдыз болып, Гүлайша апа.

Дәртлериң бар өлшеў тасы мың батпан,
Өксигиң көп болды көксиңе батқан,
Айтар сөзлериң бар шер болып жатқан,
Ҳасылдың урпағы, Гүлайша апа.

Ел халықтың ақыл-есин аздырып,
Зыялысын „душпан“ дейин жаздырып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсыларға шайтан иллет қаздырып,
Аяқлар бас болды, Гүлайша апа.

Душпанлар әкеңди қараласа да,
Нәресте қәлбиңди жараласа да,
Сол наймыт сырғыялар қалды тасада,
Жарыққа бир шықтың, Гүлайша апа.

Дайы журт тилекшиң болды жасыңнан,
Әкең сыйпамады жипек шашыңнан,
Жүрекке мәңгилик мөр боп басылған,
Әке дийдар - әрман, Гүлайша апа.

Ең баслысы сен әдиўли анасаң,
Пүткил сийнең толы ақыл - санасаң,
Елим журтым дейип күйип жанасаң,
Қызлардың нарысаң, Гүлайша апа.

Жүз жигит тең келмес өлшеў тасыңа,
Дәўлет, бахыт, таждур алтын басыңа,
Сабыр аға қуп жарасар қасыңа,
Гүлайым сыпатлас, Гүлайша апа.

Нурға толтыр бүгин шерли кеўилди,
Жақсылыққа бөлеп жасаң өмирди,
Әрман еткен алтын таңлар көринди,
Дәўир Тумариси, Гүлайша апа.

Тулпарлар туўылар ҳасыл бийеден,
Сизди Каабам дейип басым ийемен,
Әжим басқан ақ жүзиңнен сүйемен,
Тойларың мүбәрек, Гүлайша апа.
Бойларың мүбәрек, Гүлайша апа.

*2000-жыл*

## МЕН ҚЫЗЫМАН ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНЫҢ

Ата-анам ерте көшти арадан,
Тәңиримде жақсыларды сораған,
Менде бүгин хызметиңе жараған,
Бир қызыман сағыйрадай халқымның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бар екен-ғой кемликтиң де камалы,
Есер бүгин Ғәрезсизлик самалы,
Хызметиңе жарап турман шамалы,
Перзентимен ары таза халқымның.

Асқар таўым әкем кетти ертерек,
Анама да жүрим берди келтерек,
Алты улға бас боп өстим еркерек,
Қызыман мен жаны таза халқымның.

Көкирегимде сезим толы ел деген,
Кеўлим таза накасларға ермеген,
Ар-намысын ҳеш ўақ қолдан бермеген,
Мен қызыман қарақалпақ халқымның.

Ҳақыйқатлық деген тажы тахтым бар,
Еркинликте нур жайнаған бахтым бар,
Журтым ушын жанып жасаў ақтым бар,
Перзентимен даңқлы Арал халқының.

Айтса бир сөз ҳасла оны шаймаған,
Жүректе йош, көзинде от жайнаған,
Берунийдай илим жолын сайлаған,
Мен қызыман қарақалпақ халқының.

Сенлик әрман тамырдағы қанымда,
Жан ишинде жансаң мениң жанымда,
Еркин, ерке өстим алақанында,
Перзентимен меҳри дәрья халқымның.

## ҚЫЗЛАРЫ БАР ХАЛҚЫМНЫҢ

Тамырында Тумаристиң қаны бар,
Айтар сөзлеринде тереңмәни бар,
Аққуўдай жарасқан елге сәни бар,
Қумар киби қызлары бар халқымның.

Жәннет киби жайнар жүрген жайлары,
Жарқыраған жүзи жаздай жайдары,
Лала қызғалдақтай жылға сайдағы,
Қырмызы гүл қызлары бар халқымның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ой - қыялы ай жулдызды гөзлеген,
Сөзге дилўар мың наз бенен сөзлеген,
Ҳәзиллесең, жөнге салар сөз бенен,
Қып-қызыл шоқ қызлары бар халқымның.

Ҳәр биреўи Гүлайымға мегзеген,
Туўған жердиң ар-намысын гөзлеген,
Кеўилиң тасып, қуўанады көзгенең,
Қумай қустай қызлары бар халқымның.

*1989-жыл*

## АЎЫЛЛАСЛАРЫМ

Шетинен кеўили ақ саўдырасқан,
Көзлери күлим қағып жаўдырасқан,
Сәл нәрсеге толысып ғаўқылдасқан,
Жаны жайнаған жаз, аўылласларым.

Мийнети күн сайын аўырласса да,
Ул-қызы қалаға баўыр басса да,
Кийели Шахаманын ҳасла басқаға,
Айыр — басламайды, аўылласларым.

Көргенлер өлмесин ата-ананды,
Тербелиске салар кеўил қанамды,
„Сақый еди“ десип әзийз Кабамды,
Еске алысады, аўылласларым.

Шәҳәриңе тийе қойса табаны,
Сәўирлеп бир жүре алмас шамалы,
Көзден бир-бир ушып алтын жабаны,
Ушпаға қанатсыз, аўылласларым.

## ШАХАМАНЫМ

Шахаманым бозлығында ер жеттим,
Кең даланнан кең пейиллик енши еттиң,
Бүгинлиги өз үйиме қонақпан,
Қыз баламан шийден сыртлап мен кеттим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шахаманым узап кеттим өзиңнен,
Ал, сен бақлап турғандайсаң изимнен,
Туўған жер деп соқса мениң жүрегим,
Сол баяғы еркетай бир қызың мен.

Шаңлағында шыбық атты шапқанман,
„Қақлы кум"нан геўирек излеп тапқанман,
Әдираспаннан моншақ дизип таққанман,
Мәңги мениң көз қумарым, Шахаман.

Отлағында қой - қозымды баққанман,
Аяғыма ғуллығулық жаққанман,
Дедим - сонда мен ҳәммеден шаққанман,
Шахаманым саған шағлап бараман.

Жөнли - жөнсиз еркелигим сыйған жер,
Жулдыз шашып, гүлден гилем жыйған жер,
Шахаманым дәстурханлы дийқан ел,
Саған қарлығаштай ушып бараман.

Тәбияттан ҳасыл липас кийген жер,
Ата - анам маңлайымнан сүйген жер,
Өз әкемди нар түйеғып минген жер,
Таў сууындай саған ҳағлап бараман.

Аўыллардың ағласы сен — Шахаман,
Кеўилимниң нур шуғласы, Шахаман,
Бахытымның түп сағасы, Шахаман,
Сеннен ушқан қуспан саған талпынған.

## ҚУЎАТ БЕР СЕН, ТУМАРИСА АНАЖАН

Быйылғы бәҳәрим келди нөсерли,
Аласапыранлы, ызғырық желли,
Сел-сел ерип ақса, қәлбимниң сеңи,
Аралға қуй Анахита[1] анажан
Тилеклес бол, Тумариса анажан.

[1] Анахита суў қудайының аты Жәйҳун дәрья канарынан толып-тасып ағып турған ўақытлары дәрьяның Арал теңизине қуяр аралығында жасаған. Адамлар теңиздиң балығын, қусларын, аңларын мезгилсиз услай бергенликтен өкпелеп бас алып бул жерлерден кетип қалған деген аңыз-әпсана бар. — *Автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынбай жамғыр жаўар телегей теңиз,
Жер - ана жаныма сыңарлас егиз,
Қәлбимди өртеген от жасын ба дeңиз!
Жаным алаўланып жанар анажан.
Қуўат бер сен, Тумариса анажан.

Адам өзи төрт нәрседен қуралған,
Топырақ, ҳаўа, суў ҳәм оттан жаралған,
Төртеўи бир пүтинлик деп қаралған,
Суў- қанымыз Анахита анажан,
Қоллайгөр сен, Тумариса анажан.

Қәлбимди тилкилер тот басқан қанжар,
Таўлардың көксинде мың жыллық муз бар,
Жайҳўн болып ақсын қар басқан қузлар,
Қулат берман, Анахита анажан,
Қуўат бер сен, Тумариса анажан.

Жер ананың қәсте бағры мың тилким,
Фарҳадым жоқ, жигитлер көп мың дүркин,
Шыңғытып жиберейин Аралға бөркин,
Жаным жанып шоқ боп турман, анажан
Қуўат бер сен, Тумариса анажан.

Мәртлигиңнен руўх алғанман жасымнан,
Кир[1] тирилип келе ғойса тосыннан,
Меске тықпай, Памир таўдың басынан,
Қурбанлыққа шалайын мен, анажан.
Қуўат бер сен, Тумариса анажан.

Қақланды тилким-тилким қәлбим Аралы,
Бир қултым емге суў, суў бер шамалы,
Бағрым кабап етти дузлы самалы,
Қайт бизлерге, Анахита анажан,
Тилеклес бол, Тумариса анажан.

Көтер еңсемизден таўдай салмақты,
Сеннен өзге қарманар тал қалмапты,
Жер жутсын демесең қарақалпақты,

1 *Кир* — Қайхысраў патша Тумариса анамыз басқыншының геллесин қанлы меске тығады. — *Автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайт бизлерге, Анахита анажан,
Тилеклес бол, Тумариса анажан.

"Арал қум" көксимди басып жатырған,
Дүбелей, ала шаңғыт көз аштырмаған,
Жалмайжақ жалын, толғатып жатырман...
Уаҳ! қоллайгөр, пийрим Патма анажан,
Қуўат бер сен, Тумариса анажан.

Тас түнек туңғыйық аржағы гүман,
Туўылар, туўылмас Ормамбет, Маман,
Уаҳ! ажырат шыбын жанымды аман,
Қандай аламат бул, Патма анажан,
Қуўат бер сен Тумариса анажан.

*март 2001-жыл*

## ҲАЯЛ ЭЛЕГИЯСЫ

Ақ тал шақасынан үзилди жапырақ,
Сағыныш малынған муңлы әрманым,
Жылға, сай, салалар қалған қаңырап,
Шор тәбият - жетим, дәртли сыңарым.

* * *

Кеўилим дым жақын, ал ара жырақ,
Боз думан пердели қәлбим тунжырап,
Найзағай жарқ етти, бултыйған аспан,
Сөтилип боз-боран турды қан жылап...

Дәртим шерик мен де дағлы бийшара,
Бағры дузлы кәбап, қәлби мың пара,
Соны аңлағандай қыслығып аспан,
Нөсерлеп көз жасын төккенин қара.

* * *

Қыслығаман көксимди бир сең тиреп,
Қәсте қәлбим дәртине бир ем тилеп,
Дәрман екен жақсылардың демеўи,
Бәрше мийман турған жоқпыз жер тиреп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Падарқуштан[1] тирилей-ақ безинер,
Қәлбин өртер себил қалған сезимлер,
Дүньяда ҳеш налымасын аналар,
Қайғысынан қара тас та езилер.

* * *

Жубы жоқ айдында мунлы ақ қуўдың,
Жарасығы, көрки толқыған суўдың,
Қолларым жуўырар, көзимди жуўдым,
Әрманлар сөтилген бриллиант моншақ,
Дузланып, шор басып үйилген топырақ...

* * *

Сел-сел жамғыр жаўар тынбай нөсерлеп,
Сарғаяр ақ таллар, жүрсем өсер деп,
Жапырағын жолларыма төсер көп,
Үмит шашбаўларым сөгилип кетти...
Жанардан мерўерт шық төгилип кетти...

* * *

Селлерди қумсаған сарғайған шөлмен,
Қәлби қақ жарылып дуз шөккен көлмен,
Әрман, дәрт сырыққан дебдиўли желмен,
Қайда мәкан басарымды билмедим,
Уйқыдасаң, дүбириме келмедиң...

## ХАЯЛЛАР

Жарты қабырғадан жаралған мәртим,
Қыйыстырған қыйын турмыстың шәртин,
Бағы-дәўлет, қуўаныш, қайғы ҳәм дәртин,
Қапқа салып арқалаған ҳаяллар.

---

[1] *Падарқуш* — атасының өлимине себепкер перзент. — *Автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Душпан жигербентин гелле қылғанда,
„Алтын асқа“ хан мирәтлеп турғанда,
Қумар ана жүзин сирә бурғанба?!
Мәртликтиң тымсалы өзиң ҳаяллар.

Улын жоқлап көздиң жасын сыққанда,
Жаўды желкелетип аттан жыққанда,
Кир[1] диң басын қанлы меске тыққанда,
Тумариске қуўат берген ҳаяллар.

Неликтен Гүлайым атын баплаған,
Қызыл жүзин күн нурына таплаған,
Не ушын „Қырық-қыз“ қылыш саплаған,
Жаны жалын, шер намыслы ҳаяллар.

Жалғыз улы мәрдикарға шатылып,
Әдалатлық кеткен жерде сатылып,
Жаны шерли жолбарыстай атылып,
Пристав[2] ты жер қаптырған ҳаяллар.

„Ханның пәс кеткени қызғанар жерин,
Қатынның жаманы қызғанар ерин,
Билмедим, қыз қыдырып кеттиме ерим“,
Не мүшкил ислерди жеңген ҳаяллар.

Ақ шолпан, Арыўхан уран болғанда,
Азамат ағалар бийкар қойған ба?!
Кимлер жетисип жүр пәний ялғанда,
Әрманның моншағын сөтпең ҳаяллар.

Аналарың уран болып жасаған,
Руўҳына таслар атпаң тасадан,
Оларды шырлатып бийғам жасамаң,
Бийпатманың урпақлары ҳаяллар.

---

[1] *Кир* -Қайхысраў патша Тумариса анамыз басқыншының геллесин қанлы меске тыққанына тарийх гүўа. — *Автор Г. Д.*

[2] Шымбайда улларын ҳәм ерлерин мәрдикарға жибермеймиз деп ҳаяллар көтерилиси болып, приставты ҳаял-қызлардың урып өлтиргенине тарийх гүўа. — *Автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туў етип тик намыс пенен арыңды,
Қудиретлисең, көрсет қәне, барыңды,
Деме, ким тыңлайды муңым-зарымды,
Өзи патша, өзлери хан ҳаяллар.

## БАХЫТТЫ КҮТИЎДЕН ЖАЛЫҚПАҢ, ҲАЯЛЛАР

Сизлерге тамырлас, -
жүректе сырларым,
Көзиңнен аңларман,
шер толы муң барын,
Сырнығып қәлбимди,
қайтадан тырнадың,
Үмит қыл таңлардан,
„қызыллар қырманың“,
Тәғдирлес болғансаң -
жырыңды жырладым.

Дебдеўли демиңе,
қаныкпан ҳаяллар,
„Қолым дым келте“ деп,
тарықпаң ҳаяллар,
Жолыңа паяндоз,
жарық таң ҳаяллар!
Бахытты күтиўден,
жалықпаң, ҳаяллар!
Ғалмағал қаўғасы,
ғаўғалы бул басың,
Сиресип сең болған,
қәлбиңде көз жасың,
Запыран желимдур,
бир жутым ақ асың,...
Үмит - нур жалт етер,
ул қызың жалғасың.
„Пирим“ деп сыйлай бер,
баллардың ағасын...
Дебдеўли демиңе,
қаныкпан ҳаяллар,
Көниккен көмписсең,
қамықпаң ҳаяллар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолыңа паяндоз,
жарық таң ҳаяллар!
Бахытты күтиўден,
жалықпаң, ҳаяллар!

## ЕСТЕЛИК ОРНАТЫҢ ҲАЯЛҒА!

Ҳасыл-ғой ҳаяллар,
көп жерде ерлеген,
Жүреги жер Ана -
сыры көп жерлеген,
Буйығып жатарма?!
Шеңгелли шер деген,
Шыңланды, шынықты,
шайқасып шер менен.
Естелик орнатсын,
Дәўлетли Ер деген,

Ҳаялсыз Дүньяға,
Адамзат келмеген.
Болмаса ҳаяллар -
тең етер жер менен,
Толқынлы таў теңиз,
Қәлбинде сел деген,
Ушырар қаңбақтай,
бир долы жел менен,
Көп екен ҳаяллар -
меҳирге шөллеген,
Естелик орнатсын,
Дәўлетли Ер деген,
Ҳаял ғой өмирге -
шырай ҳәм сән берген.
Ҳаялдың қәлбинен,
Меҳир нур сөнбесин,
Жаманлар бир көрип,
жағасын жөнлесин,
Естелик руҳ берип,
пәсликке көнбесин,
Нәмәртке ҳәр ўақыт,
көрсетсин желкесин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Естелик орнатсын -
Дәўлетли Ер деген,
Ҳаялдан уллы зат,
Дүньяға келмеген!

## МӘРДАНА[1] ҲАЯЛ

Адам ата тақ жаралып дүньяға,
Мазмунсыз өмирге кеўли толмады,
Япырмай, бир нәрсе кемис-аў бала,
Жалғызлық-жаўызлық жанын қыйнады.

Ақшамы дым узақ атпады таңы,
Кемислик не нәрсе лал болды аңы,
Әжайып гөззаллық жаратыў ушын,
Суўырып алды ҳақ бир қабырғаны.

Я раб! Қабырғадан бир ҳүр жаралды,
Адам да, тәбият та оннан нәр алды,
Тас түнек постынын шешип бул жәҳән,
Әлемге меҳринен бир нур таралды.

Ким болды әлемге жақтылық берген?!
Бийсәўбет өмирге шырай сән берген,
Илаҳий мухаббат урқаны өнген,
Мухаддес, мардана мен ҳаял дермен.

*4-март 1995-жыл*

## ТАБА АЛМАС

Көзлериңнен сырлы сезим аңларман,
Үмитлимен атқан аппақ таңлардан,
Таңғы - самаллардан сәлем жолларман,
Ушпаға кеўилим қанат табалмас.

Мәжнүн тал астында ойға таламан,
Бүлбил ҳаўазына қулақ саламан,

---

[1] *Мардана* — парсыша, араб тилиндеги мәниси Ҳаўа ене. — *Автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сырлы сезим бийлеп лаўлап жанаман,
Жанған кеўлим сенсиз қарар табалмас.

Ышқы азаплы отқа мени салдың ба?!
Келбетиң мөрленген көзим алдында,
Билмедим, мен сенлик Ләйли болдым ба?!
Өзиңсиз кеўилим қарар табалмас.

Таң самалы желпип өпсе жүзимди,
Дәрҳал жанығаман еслеп өзиңди,
Әндийшели сырлы тилсим сөзиңди,
Ойламаўға кеўилим имкан табалмас.

## МУҢЛАС ҚУС ҚАРЛЫҒАШ

*Шығы, шық-шық,!*
*-Уйқлайық арқайын, бузыңлар уясын!*
*- Қарлығаш суў шашар,*
*дозақта, ағасы.*
*Қыямет қайымда, салады саясын,*
*Кийели қус ғой ол,*
*Бузбайық уясын.*

Шығы-шығ-шығы-шық,
шырылдар қарлығаш,
Муңласым, жыл қусым,
тилиң жоқ, жаның аш,
Шырқырап тынбадың,
нендендур дилиң аш,
Бир нәрсе дейжақсаң,
жаным сен қарлығаш,
Айт, жаным муңлы қус,
кеўлиңде не барын,
Аңладым жүректе,
дәртли бир сыр барын,
Айналдың қанатлап,
аўылдың бағларын,
Ойынды умытқан,
шил аяқ балларын...
„Дейсең бе, жерлерди,
буншама шор басқан?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызлардың жүзлерин,
дуз жалап, торласқан,
Мөлдир көл көзлерин,
сынық бир муң басқан,
Көрип-ақ соларды,
шырлайман тынбастан".

Қанатла, қанатла,
шыңларға қарлығаш,
Адамға шын доссаң,
жаўына жаның қас,
Еркин бир қуссаң сен,
ҳеш кимге бағынбас,
Кишкене болсаң да,
қорғансаң алынбас.
Шығы-шығ-шығы-шық,
ушарсаң тынбастан,
Жеңбеген өзиңди,
жаў шымшық айқасқан,
Қанатың талмасын,
дым алыс, диң аспан,
Шуғлалы таңларға,
үмит бол жалғасқан.

*апрель 2001-жыл*

## САЯЛЫ ӘКЕ - БАЙТЕРЕК

*(Улларының қызығын қосағы менен теңинен көре алмай, олардың қызығын да, қыйыншылығын да маған ядыгарлық ретинде тапсырып, өмирден ертерек атланып кеткен әкемниң руўхына бағышлайман)*

Алты улдың ишинде,
Қыз болып өстим еркерек,
Шалалаў еди исим де,
Ойым да еди келтерек.

Шоқ екен меҳир жалының,
Сер салмаппан - да ертерек,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Терендги бойлар тамырың,
Саялы әке - байтерек.

Меҳир нур тамған көзиңнен,
Қуяштың жүзин көргенмен,
Әкежан айтқан сөзиңнен,
Жалынлап жанып жүрмен мен.

«Маңлайға питкен дүр қызым,
Кеўилиң таза ҳүр қызым,
Арпа ишинде бийдайсаң,
Жарқылдап жансын жулдызың».

„Дәўперим" десең еркелеп,
Жуўырып шықтым алдыңа,
Қапталласып ентелеп,
Қап қолластым жанында.

Шапқанда „шыбық атымды",
Қуўанып турдың қасымда,
Усынған ақ боз атыңды,
Қуйынлап шаптым жасымда.

Қайлардан алдым жигерди,
Есимди енди аңларман,
Мен көрип турман меҳриңди,
Шуғлалы атқан таңлардан.

Әлпешлеп ақ боз ат пенен,
Баппадың, билсем өзимди,
Шығысып жүрмен жат пенен,
Қыз болып сабыр, төзимли.

Жүйели сөзлер дизилди,
Нәр алып ҳасыл сөзиңнен,
Мәрдана болып өсиўди,
Үйрендим әке өзиңнен.

*20-ноябрь 2000-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЗИЙЗИМ АНА

Тамырда қан, ләбимде палымсаң ана,
Жүрегимде жанған жалынсаң ана,
Перзент ушын бул бийсәўбет дүньяның,
Барлық жүгин артқан нарымсаң, Ана.

Жаралғанман сениң баўыр етиңнен,
„Қулыным“ деп қақпадың ҳеш бетимнен,
Нарт шыбықтан нәрўан болып жетилген,
Сениң арзыў әрманыңман, жан Ана.

Мөрленгенсең жүрегимниң төрине,
Туў етип тиккенмен кеўлим көгине,
Сен егизсең туўған ана жериме,
Шамшырақ қуяшсаң, әзийзим Ана.

Меҳир көрдим мөлдиреген көзиңнен,
Зәрдеме қуйғанман ақыл сөзиңнен,
Жүзиме сүртейин басқан изиңнен,
Мухаддес Кабамсаң, әзийзим Ана.

## МЕҲИРДИҢ БУЛАҒЫ — ӨЗИҢ ӘЖАПА

„Дәўлет басы“ дейди туңғыш қызларды,
Шерик оған шаңарақтың сырлары,
Күнлер жаймашуўақ, гейде ызғарлы,
Кәрўанға бас болыў қыйын, әжапа.

Меҳрибансаң базда атадан артық,
Турамыз мойныңа машқала артып,
Сен де киятырсаң нар болып тартып,
Нағыз пилтабансаң өзиң, әжапа.

Жаныңды жағарсаң сиңлим-иним-деп,
Ҳәр қайсысы тәшўиш артар биримлеп,
Ақмақлары жүрегинди тилкимлеп,
Мың саўдаға салып жүрер, әжапа.

Көрпеге қарамай аяғын созар,
Өзлери өзмәмбет қатардан озар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтқан ақыл жуқпас жағың да тозар,
Арбаны шүйелтпей тарттың әжапа.

Өзиң жемегенди жегизгениң бар,
Балаң киймегенди кийгизгениң бар,
Өз үйиңнен урлап бергизгениң бар,
Меҳирдиң булағы өзиң әжапа.

Сениң қәдириңди билгенлер де бар,
Кеўил сандығына түйгенлер де бар,
Өзиңди қәдирлеп сүйгенлер де бар,
Сүймегенлер „маңқурт" болсын әжапа.

## ТУҢҒЫШЫМ АЛИШЕРГЕ

(Санетуллаев Алишерге)

*Асымның балам, алдысаң,*
*Суўымның болдың тынығы.*

Билим - нур, илим - шамшырақ,
Шыңларға шықтың жарқырап,
Түп бабаң Бердақ айтқандай,
Хызмет қыл елге жақсырақ.

Шайырлық еди әрманым,
Илимди - қуўдың дәрманым,
Алладан саған тилеймен,
Бахтыңның парлап жанғанын.

Көтерип елдиң байрағын,
Жулдыздай жанып жайнадың,
Үш алтын медаль алғанда,
Қуўанды пүткил аймағым.

Жалынлап лаўлап жас жаның,
Алаўлап алға басладың,
Елиңниң сонда еңсесин,
Көтерип бираз тасладың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Президент атаң мақтанып[1],
Атыңды үлги етип жүр,
Жаманнан зәрре сақланып,
Мақсетиң - уллы жетип жүр.

Билим - нур, илим - шамшырақ,
Устазлар жүрер қамшылап,
Түп бабаң Бердақ айтқандай,
Хызмет қыл елге жақсылап.

## УЛЫМА

*Аналар тилеги.*
*Генже улым Ерназарға*

Бабаңдай балам батыр бол,
Ер жүрек мыңға татыр бол,
Жанарың жансын жалынлап,
Қорқақ емес, батыл бол.

Атқа да минийў шәрт емес,
Мингенниң бәри мәрт емес,
Ел журты ушын Ерназар,
Мақтаныш болды, дәрт емес.

Умтылып жаса билимге,
Жол баслап тилсим илимге,
Туўған жер десең тебренип,
От жансын, балам, дилиңде.

Тилегим атқан таңлардан,
Өзиңе үмит артарман,
Өмирдиң жүгин ҳәзирше,
Нар болып балам, тартарман.

---

[1] И.А.Каримов баламыз Алийшер Санетуллаев физика бойынша өткерилген Евразия олимпиадасында жеңимпаз болып үш алтын медаль алып қайтқанда компьютер саўға еткен еди. — *Автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЫМ АЙДОСТЫҢ ЕСТЕЛИГИНЕ

*"Не ғазларым бар еди-аў*
*Не қуўларым бар еди-аў*
*Суўым бир кетип шөлледи...*
(Салт-дәстүр жырларынан)

Әлпешлеп өсирдим, шықпай өриңе,
Сүўретиң сызылған жүрек төрине,
Мәңги сөнбейтуғын қәлбим көгинде,
Өмирзая жулдыз болып қалдың сен,
Ҳәсиреттен лаўлап жаным өртенер,
Ғыжлап турған қызыл шоқты салдың сен!

Шерли жүрек жубанар ма гүрсинсем,
Күндей күлип көз алдымда турсаң сен,
Пешанаға сендей суңқар сыя ма?!
Дийдар қыяметке қойған улсаң сен,
Айланарман Айдос деген атыңнан,
Жүрек соқса, бирге соғып турсаң сен!

* * *

Жигитлик жас он жети,
жетип бир жайнап күлмедиң,
Бозбалалық - патшалық,
тахтында дәўран сүрмедиң,
Жарасық жубай Ақ қуў қус,
Айдында бирге жүзбедиң,
Қырман түспей қабына,
Қыраўлы келген гүзбе един?!
Келди бәҳәр нөсерли,
Жаз айы болды салқынлаў...
Ақ Айдос сенсиз қағылар,
Мектепте соңғы қоңыраў.

Шоқ болып турған жанымды,
Қайтадан тыйық тырнады-аў,
Кең шаралы көл көзим,
Канарына сыймады - аў.

Ботадай бозлар жан анаң,
Қабырға қалды қайысып,
Себил қалды әрманлар,
Орнында қанат жайысып...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АНА ҒАЗ ТУЎРАЛЫ БАЛЛАДА

Көл жағалап айланып,
Маңқыйып жүр ана ғаз.
Нур сәўлеге малынып,
Жарқырайды алтын жаз.

Изде алты палапан,
Бир гөззаллық қарасаң,
Нур себелеп атар таң,
Көз қуўантып аласаң.

Күтпегенде қара қус,
Ушып келди қыядан...
Жан ушырар ана қус,
Ара узақ, уядан.

Темир қанат "ғалғалақ",
Сумлықсыз жүр қаңғалап,
Ана байғус шырылдар,
Палапанын қорғалап.

Ҳаўа бирден бузылды,
Шай қус келди шүйилип,
Бири саннан сызылды,
Ана ғаз тур күйинип...

Қақ жарылып боз думан,
Қара нөсер қуйды кеп,
Сада аппақ палапан,
Қалай зая болды деп?!

Жан ушырып ана ғаз,
Қанатларын сабалар,
Қысынып тур алтын жаз,
"Дәртин ким бар даўалар"?!

*13 - май 2001 -жыл*

## АРАЛ АРЫЎЫНЫҢ МОНОЛОГЫ

Нур тайсалған дуз жалаған жүзимнен,
Қум жамылған мыс реңли гүзиңмен,
Үскини қуйылып көсилер Арал,
Жан ҳалатта муңлы бағып изимнен...

Ақ шағала сарқып ушпас айдыннан,
Бой тасалап күн уялар, қайғымнан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Бағ жығылып суўда қалды баяғы...»
Гүллер жайнап, бүлбил ушпас бағымнан.

Ақ қуў арыў көринбес айдынында,
Толықсыған ай едим толқынында,
Сабағы сарғайған «Келин бармақтай»
Сөтилип кетежақпан солқымында...

Қанаты қайрылған қуста не шара?!
Үмит қыл үстинде, қәлбим мың пара.
Шөл жылан тур босағада оралып...
Қыл сыймайды ҳәзир кеўилқанама.

Табанымды тилкимлейди қыйықлар,
Әрман бағрын қан қылады тыйықлар,
Пәс түспейме «Посейдонның ғәзеби»,
Қайырлады қырға үмит қайықлар...

Қәпестеги кеўил қусым налалар,
Әрман көкси қалай ҳәйкел тағалар?!
Қолдан берген жемге қус ҳәм тоярма?!
Шөл баўырлар сарғыш тартып лалалар...

Өмир деген гөззал мийманханаға,
Бундай да мың дәртли мийман толар ма?!
Нәзериң сал биәге, жаратқан Жаббар!
Телпегим басыма сая болар ма?!

Бул сөзимди соңғы демде айтпасам,
Иште қалып қумға сая болар ма?!

*12-май 2001-жыл*

## АТАМ ОЙҒА ТАЛАР ҚАЙЫҚ ҚАСЫНДА

*Жигитлик деген нар екен,*
*Ғаррылық қара жар екен.*
**(Бердақ)**

Шәменлер елаты, шалқар айдында,
Жаслықтың тағында патша ҳәр адам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырға қаңтарыўлы қайық жанында,
Сол алтын дәўранын еслейди атам.

Гүл-гүл жаслығының гүўасы - көзи,
Көзге күйик дәртли қара қайығы,
Жер жутты теңизди деген не өзи?!
Ненин кесапаты, кимнин айыбы?!

Меңгергени жипек желқом кемени,
Ақлығына ертек ойдан тоқылған,
Таўдай толқынларда жүздим дегени,
Аңыз янлы бир китаптан оқылған.

Еслеп кетсе көк толқынлы теңизди,
„Суў жығылып, бағда қалған баяғы“,
Ала көзли қызға қызыл жеңсизли,
Тиреледи ойдың барып аяғы...

Жигит еди мотор қайық айдаған,
Көздиң жаўы қызғалдақлы айнала,
Тилсим менен ақыл ойын урлаған,
Қоңсы үйде бир шоқ „қызыл гүл лала“.

Нәрўан болды тиккен нәли саялы,
Бағы жанды из аяғы жарасып,
Сый ҳүрметти өз орнына қояды,
Аўыл аймақ көз қуўантты қарасып.

Уллы болды айдарынан жел ескен,
Қызлы болды дийдарына гүл өскен,
Меҳир нурын теңдей төкти анасы,
Түйнек душшы, пәлек ашшы деместен.

Жазы гүл жайнады бағы сырығып,
Ақ қуў, үйрек, ғазы жүзип айдында,
Суўы тасқын ҳеш көрмеди тарығып,
„Бекире балық бес кеспеси алдында“...

Из қалдырып жорға жыллар дизбеги,
Бираз жолды сүргенлигин айтпады,
Қайтқан тырналардай сарғыш гүздеги,
Мың қол былғап шақырсаң ҳәм қайтпады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жағыста „Айдынлар“ айтқан қара қыз,
Айланды ақлық сүйген дана кемпирге,
Ала қуйын суўық самал, шарасыз,
Қымтайды „қулынын“ жыллы жемпирге.

Атам қаңтарыўлы қайық қасында,
Ўақыт дәрьясында ойға жүзеди,
Ақ желқом желбиреп қарақусында,
Үмит кемесинде маржан сүзеди...

*Мойнақ - Нөкис*
*30-май 2001-жыл*

## НЕ ҚЫЛЫП ЖҮРИПСИЗ, БАЛАЖАНЛАРЫМ?!

*— Садақа бериң, апалар.*
*— Ата-аналарың барма, бул жерде не қылып жүрсизлер?*
*— Ақша табамыз, таппасақ үйге киргизбейди.*
(Сәлмен ата қойымшылығында)

Бириңиз жүрипсиз базарды гезип,
Бириңиз жүрипсиз мазарды гезип,
Күйдирмең, аналық қәлбимди езип,
Не қылып жүрипсиз, балажанларым?!

Үмит шашбаўларым қалай сөтермен,
Көзимди тасалап қайда кетермен,
Мазарды гезгениңди енди нетермен,
Қабырғам қайысар, балажанларым!

Қандай пул түсип тур сениң қолыңа,
Көзиңди аш, нәзер сал оңлы-солына,
Қәдем бастың гәззаплықтың жолына,
Қайт, кейниңе сорлы балажанларым!

Орманбет үмити - алтын урпақсаң,
Жүзлериң жарылған дуздан, қурғақтан,
Оразан, Маманның рухын шырлатпаң,
Арыңды таплама, балажанларым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аш әрўақ жабысып ашығып турсыз,
Көзлериң адам жеп қағысып турсыз,
Аш түлки сыяқлы бағысып турсыз,
Қәлбимди қақ тилмең, балажанларым!

Үмитим көп еди бәлент шыңлардан,
Айырмаңыз қалмас „өли жанлардан“,
Садақа сорайсыз қалай тыңларман,
Жанымды алағой, балажанларым!

Түсип кетежақсыз қыйсық соқпаққа,
Ким сени жиберген ақша таппаққа,
Мың сан нәлет жаўсын сондай гәззапқа,
Жанымды жандырмаң, балажанларым!

Билим - қуяш, қолыңды соз, күлимле,
Умтыл бабалардай нурлы илимге,
Беглик, намыс дәрья болсын дилиңде,
Оншама пәс кетпең, балажанларым!

Жүргенимде бала-бахыт, күлким-деп,
Ойлап турман ертеңги күн бул ким? деп,
Жүрегимди қанжар менен тилкимлеп,
Қан жылатпаң мени, балажанларым!

Қайыр сораў қанымызға сиңбеген,
Гәззаплық атына бабаң минбеген,
Қол жайғанды шайтан деген, жин деген,
Өнер жолын излең, балажанларым!

## БИЙПАРЎАЛАР БАЙҚАМАС

Шорлы перде бүркенер боз далалар,
Кебирликте муң малынар лалалар,
Бүлбил ҳаўазында шерли нала бар,
Бийғам жанлар, бийпарўалар байқамас.

Тәғдирлесим дәртиң менен жанаман,
Гүл жайнасаң тамырда қан тараған.
Өмир сарайында мийман ҳәр адам,
Бахыт қусын қонған гезде байқамас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен шығарсаң бахыт, ығбал талайым,
Саўлатың толтырған кеўлим сарайын,
Сап жүректен қайнап шықсын сезимлер,
Тек сенлик ышқыдан лаўлап жанайын.

*1980-жыл*

## ЖЕҢГЕЖАН

Ақ бийкеш дейсең, қыйылып,
Көзиңе меҳир жыйылып,
„Ҳүр қызым " дейсең сыйынып,
Перище ҳүсин жеңгежан.

„Урылар" шығар солымнан,
Мәжнүнлер шығар оңымнан,
Қызғыштай мени қорыған,
Ғамхоршым мениң жеңгежан.

Төркинлеп барсам өриссең,
Қушақ ашып көрискен,
Унайды ҳәзил дегишпең,
Жайнаған жаздай жеңгежан.

Тоздыма „суўда жулдызың"
Сағынар сени „Ҳүр қызың",
Қандайдан көйлек сый қылсын,
Айт, қәне ҳәзир жеңгежан.

## АДАМЛАР

Биреўлер мал дүнья жыйнайды,
Меҳрибан туўысын қыймайды,
Жақсыны айырып сыйлайды,
Сыншылдың сыншылы адамлар.

Базылар не десе, о десин,
Жаратқан өзи ғой бендесин,
Биледи бийжуўап келмесин,
Алланың сәўлеси адамлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Турғанда ингендей қайысып,
Қабырғаң қайғыдан майысып,
Келеди қанатын жайысып,
Өзиңе қәдирдан адамлар.

Дүньяны қызғанба сол ушын,
Аянба меҳирлик жол ушын,
Қысынып турғанда Қол ушын,
Созады меҳрибан адамлар.

Нәкасқа бийорын шашпа сен,
Жаман деп ҳәммеден қашпа сен,
Өзим деп нәпсиңди ашпа сен,
Қырғыйдай қырағы адамлар.

Ортайсаң толтырар толыңды,
Олардан бурма сен жолыңды,
Өлшейди оңлы ҳәм солыңды,
Дүп-дүзиў тәрези адамлар.

Биреўлер периште жуўырған,
Бийхабар бережақ уўыңнан,
Бир жутып езиўи уўылған,
Кеўли мың түйин адамлар.

Жаманлар шайтаннан туўылған,
Бендемиз бейиштен қуўылған,
Кеўлим жоқ сизлерден суўынған,
Бәриңди сүйемен адамлар.

## МЕН СЕНИ СҮЙЕМЕН, АДАМЛАР

Шөпти қалы көрме, шыпаға ийе,
Ийеси табылар сөз тапса жүйе,
Халық тегин емес, онда бар кийе,
Алланың сәўлеси жерде адамлар.

Базда ақ дегениң шығады қара,
Қыянет - қара қанжар салады жара,
Ўақыт нақ тәрези айрылар ара,
Бендемиз-ғой асығамыз, адамлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўанғанда қуўанғаны жағымлы,
Жаўдыратар сегбир тартқан жанынды,
Қыйын жерде қолласады қабынды,
Тәғдирлесиң - туўысқаның адамлар.

Елемесе жаманлығың өзиңниң,
Тыңламаса дузы кемис сөзиңниң,
Қулы емес жылтыраған жүзиңниң,
Керек жерде алмас қылыш адамлар.

Әжел жезтырнағы келсе, талтаңлап,
Әзирейил жүрген болса, „аў“ таңлап,
Жарқабақта турған болсаң жаўтаңлап,
Жанталасып умтылады адамлар.

Ябыны тулпар деп айтыўың қыйын,
Зерге қапласаңда айырар жыйын,
Ылайық болмаса салтанат - сыйың,
„Көк ешекке“ мингизеди адамлар.

Бийпәҳимнен ҳеш ўақ ақыл соралмас,
Соралғанда төрелигин көре алмас,
Мың сабылып ябы тулпар бола алмас,
Тәрезиге тартып турар адамлар.

Халқыңның бахыты сениң бахытың,
Ҳәмел гүрси ол ўақытша тахытың,
Әдалатлы жолдан шықса бағытың,
Үмит жибин үзер сеннен адамлар.

Ийниңде сәл жүгиң турса аўырлап,
Гүпшеклейди қапталласып ғаўырлап,
Ҳәммеңизди қушағыма баўырлап,
Меҳир менен сүйемен, мен адамлар.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШАХ - АМАН

*Дүньяға келеди жақсы ҳәм жаман,*
*Бахытлысы атын қалдырған адам.*
**(А. Саадий)**

Аўыл Шахаман деп қалай аталған,
Қызық эпсана бар халқы яд алған,
Әзелден ат қалса жақсыдан қалған,
Жаманлардың үйи жансын Шах-Аман.

Ерлик намыс пенен көтерип туўды,
Мәрттиң мәрти ишер ел ушын уўды,
Қарақалпақтың нағыз „Робин Гуды“[1] ,
Шахмақ шағар жигит болған, Шах-Аман.

Сақый еден ер деп сүйди халайық,
„Шах“ сөзин атыңа қосып ылайық,
Аңызға да азмаз қулақ салайық,
Жомарт, аңшы, мерген болған Шах-Аман.

Аш халықты асыраған аң менен,
Жүрек жутып қасарысқан хан менен,
Ары егиз көкиректе жан менен,
Жаны жалын жигит болған, Шах-Аман.

Ер жетти Айжамал дәрья бойында,
Көп болды ашықлар қыры-ойында,
Нама таныр сол ҳүр қыздың ойында,
Мыңларға бергисиз Шахдур сол Аман.

Әке қарамады көздиң жасына,
Теңгерди „Қырқ туўарды“ қыздың басына,
„Лабақ“ тең бе қыздың бир тал шашына?
Айжамалды алып қашты Шах-Аман.

„Алып қашыў“ соннан үрдис жол болған,
Қолы келте ашықларға қол болған,
Пана излегенге қайырқом болған,
Әззилерге қорған болған Шах - Аман.

[1] *Робин Гуд* — Англиялы эпсанаўий қаҳарман. Халық ғамхоршысы. — *Автор Г. Д.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қапталында қырқ жигити сайланған,
Үй жанында дал бедеўлер байланған,
Ели, журты айбатынан айланған,
Қатарында қыран болған Шах-Аман.

Жигитлер көп өтип кетер жел болып,
Ондайларды елемеген ел болып,
Арқа сүйеп әтирапына ел қонып,
Сөйтип гүрең аўыл болған Шах-Аман.

## ҚӘЛБИМДЕГИ ХӘЙКЕЛ

Көтерип еңсеңди, Кәрўаныңды тарт!
Мәнзил узақ...
Жары жолда қалдырма...
„Қайдандур?!" демейди ғайбана ғайрат.
Қәлбиме от шашар. Ол - Қуяш қызы!
Жарқырап -
Нур болып,
төгеди саўлат,
Қәлбиме мөрленип соғылған хәйкел.
Аспанның ашығы - Қуяштың қызы...
Шыңларға қанатлап
қәлбим Көгинде,
Көклерге қол созып
бир алмаз Хәйкел,
Тынышлық бермейди...
Қуяштың қызы...
Силкин! Оян!
Қалғып уйқлай берме көп!
Аз емес мәңгилик уйқыда жатқан...
Жан енип оятар, тынышлық бермес,
Қәлбиме қашалып соғылған Хәйкел-
Көзлери ушқынлап от шашар мудам...
Көклерге қолларын

Созған сол хәйкел!
Пәрўазы бәлентлер күн сайын,
Баўрына тартады магнит қуяш,
Шыңларға қанатлар қәлбимде Хәйкел.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗЫҢМАН

Сыйынаман халқым саған „пирим“ деп,
Бауырыма басайын кел биримлеп,
Бириң анам, әкем, сиңлим, иним-деп,
Қурбанлыққа басын тигер қызыңман.

Ауыр тәғдир пешанама сызылды,
Өмир-гүрес көрдим талай қысымды,
Турмыс-устаз ерке қызың ысылды,
Силтеген жериңнен кесер қызыңман.

Елим-деп еңренген елде мәрт ушын,
Руухый байлығым дәстүр-салт ушын,
Ана-Уатан, тәғдирлесим халық ушын,
Тумаристей туу көтерер қызыңман.

Сенлик меҳир нур шашады көзимде,
Кешир мени қәте кетсе сөзимде,
Жан қалтаңман, жаның мениң өзимде,
„Жанған жерге жамау болар“ қызыңман.

Пүткил сийнем лаулап жанған жалынман,
Жаралғанман жаны таза қаныңнан,
Қыяметте табылайын жаныңнан,
Қумар ана жолын тутар қызыңман.

Тәғдириңе қанық кеуил сарайым,
Машқалаң нарға ауыр, үмит ҳәр айың,
Халқым хызметинде от боп жанайын,
Гүлайымға сиңли болар қызыңман.

Ғәрқәлләзий байлық Әмиу бойында,
Көп жақсы нийетлер бардур ойымда,
Гүл жамылған абаданлық тойында,
Ҳадалый бир хызмет қылар қызыңман.

Геудемде жан гелле турса жулынбай,
Хызметиң де жууырайын қулыңдай,
Нашар демең, арқа сүйер улыңдай,
Шийрин жанын отқа жағар қызыңман.

*декабрь 1999-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi



*Гүлистан Дәўлетова улы Айдос пенен.*



*Санетуллаев Алишер иниси Ерназар менен*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЙША АПАҒА

*(Қарақалпақстан Республикасына мийнети*
*сиңген билимлендириў хызметкери Айшагул*
*Узақбаеваның 50 жыллық мерекесине торқалы*
*тойына қутлықлаў қосығы)*

Теңеў әззи, устаз уллы анаға,
Билим нурын қуйған ақыл санаға,
Ҳәрип үйреткен ол көсем, данаға,
Мыңсан тәжим сизге қәдирдан устаз.

Ҳәр сентябрь жас қосады жасыңа,
Гүмис қыраў қонған жипек шашыңа,
Күндей күлип шәкирт турса қасыңда,
Жаны жаз жайнаған әдиўли устаз.

Келип қалдың бүгин елиў жасқа да,
Мыңсан тәшўиш машқалаң көп басқа да,
Нәрўан болды кешеги нәл, жас бала,
„Айша апам"-дейди меҳрибан устаз.

Дархан ене, опалы яр, анасаң,
Шәкирт десе жан күйдирип жанасаң,
Қатарда нар пир тутқанға данасаң,
Қәдир билгенлерге теберик - устаз.

Жанға жағар сөзлер айтсаң төрели,
Қулақ қойып жаслар мақул көреди,
Қызлар сизди байтерекке теңеди,
Салған жолың уллы саялы устаз.

Қутлы болсын бул байтерек жасыңыз,
Бахыт дәрьясында толқып тасыңыз,
Ақлық-шаўлықларға кәрўан басы боп,
Гүл-гүл жайнап жүз жастан ҳәм асыңыз.

## НАЎРЫЗАЙМАН, КЕЛДИМ САҒЫНЫП

Мен, Наўрызайман келдим сағынып,
Сулыўлықтан алтын ҳәйкел тағынып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыс тоқсан көтерди өкшесин жерден,
Тәжим етер гөззаллыққа бағынып.

Жасайман, мен адамлардың қәлбинде,
Жасайман, мен аналардың меҳринде,
Жасайман, мен ели ушын туўылған,
Ер азамат жүрегиниң төринде.

Жайҳун бойы жасыл жипек жамылған,
Меҳир көрдим көзлериңнен сағынған,
Бағман ата нәлше тиксе бағыңа,
Табылайын, мың айланып жаныңнан.

Жасайман, мен адамлардың қәлбинде,
Жасайман, мен аналардың меҳринде,
Жасайман, мен ели ушын туўылған,
Ер азамат жүрегиниң төринде.

## ЖЕҢГЕМЕ

Сәҳәр пайыт шықты ағам сайранға,
Көзи түсти үстиртли бир жайранға,
Қолға тез үйренип алған сол жайран,
Қалдырып жүр көргенлерди ҳайранға.

Шолпан жулдыз жерге келип қалғандай,
Айда сеннен гөззаллығын алғандай,
Жазийрада шөлиркеген жолаўшы,
Суўсын ишпей дийдарына қанғандай.

Ақ қуўдай серпилип шықсаң сейилге,
Пәрий бағқа кирип келди дейин бе?!
Тәбияттың сақыйлығы тутқандай,
Жеңге, саған нур саўлатты ийгенде.

Бара қалсаң мерекениң сәни сен,
Ақыл менен парасаттың кәни сен,
Жайма-шуўақ, жарқылдаған жеңгежан,
Көп қызлардың ишиндеги зоры сен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕНИ ИЗЛЕЙМЕН

Баяғы бағлардан жалғыз қайтаман,
Үмит ушқынлары лаўлап қайтадан,
Ашықлық қосығын саған айтаман,
Қәлбим Темурланы, сени излеймен.

Қарлығаш келгенде қанатын қағып,
Сағыныш отлары жанымды жағып,
Өзиң сыймайтуғын жолларды бағып,
Кеўлимниң султаны, сени излеймен.

Өткен күнлер әрман қайтпас изине,
Жылжып өтип атыр жыллар дизиле,
Жанығып жойтаман қәлбим езиле,
Атқан таң нурынан, сени излеймен.

Ҳижран азабында жаныңды жақтың,
Билемен, билдирмей жолымды бақтың,
Өзиңсең әрманым қол жетпес бахтым,
Жанымнан әзийзим, сени излеймен.

## УСТАЗЫМА

Мектеп бетке дәслеп қәдем атқанда,
Оқыў деп қыялым қанат қаққанда,
Сентябрьдиң зер қуяшы шыққанда,
Тартынып алдыңа бардым устазым.

Оқы қызым-дедиң ибрат алғандай,
Әдеп, икрамлы бол, ийге тартқандай,
Жабайы тал, бағда өскен нарт қандай,
Мен-нарт шыбық, сиз-бағмансыз устазым.

Излегенде тең табылмас жер, көктен,
Өмир-өнер әлипбесин үйреткен,
Сизди ойлап жолға шықсам үй беттен,
Келбетиң алдымда турар устазым.

Сағынып еслеймен гей ўақ өзиңди,
Еске алып айтқан ақыл сөзиңди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғаррылықтан әжим басқан жүзинди,
Қызың болып сүйгим келер устазым.

*1978-жыл*

## БИЙҒУБАР БАЛАЛЫҚ — ПАТШАЛЫҚ ЕКЕН

Терип жедик „қақлы қумнан“ көсикти,
О алақай, геўил, геўрек писипти,
Жасыл зумруд - әдираспан өсипти,
Қызлар моншақ дизип таққан да екен.

„Үй-үй“ ойнап қатнасамыз жан-жақлап,
Атқулақты шай етемиз унтақлап,
Қуўыршақты бөпе қылдық қундақлап,
Периштемиз қоллап турған ба екен?!

Сондай қызық ойын еди „қашарман“,
Даўды алып араны тез ашарман,
Жанның аман қалар жери „жатарман“,
Бийғубар балалық - патшалық екен.

Бир карамат көрсетердей шабанға,
Ғуллы-ғулық жағып алып табанға,
Шабамыз кеп жарысқандай шамалға,
Япырмай, дүлдилден жаралдық па екен?!

„Ақ сүйек“ке қолай арқаш, жап сай бет,
„Бар ақудай туў узаққа ойнап кет“-,
Бул сырлы ойынға бизди қоспай көп,
Әжапам тийин берип алдаған екен...

Абат жап бойында талай тайғанап,
Ойнар едик қызлар менен „қырғалақ“,
„Ийт жүзиў“ди жүзер едик шалқалап,
Оншама балықтан таралдық па екен?!

„Гүләш-иў.. иў“ даўыслап анам шақырар,
„Суў пери жутқыр“-деп және бақырар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ийнағашым, шелегим жоқ, жағы бар,
Мақаў, „бир жүўермек“ жасырған екен.

Көтерип басыма орпаң шаңларды,
Шапқанман ат етип шыбық талларды,
Жықтым „қыз палўан“ боп бираз „жаўларды“,
Балалық - руҳ алған булағым екен.

Баллардың қырғыйдай күнин бермедим,
Гүлайым боп тирилей-ақ жерледим,
Оларға „журын“-деп қолым сермедим,
Шоқлығым - бир өрлик дәўраным екен.

Ҳәзир ойлап көз жуўыртсам изиме,
Сап тартысар картинасы дизиле,
Бир қайтардым сол дәўирге сизди де,
Бийғубар - балалық патшалық екен.

Садалық - бийқайғы бир дәўран екен,
Сағыныш жамылған бир әрман екен.

*1-май 2001-жыл*

## ГҮЛ ҒУМШАЛАР ЕЛЕ КӨКСИМДЕ

Жер анамның шорлы баўырын,
Жайҳун болып жуўғым келеди.
Гүўлескен жабайы самалын,
Дүл-дүл болып қуўғым келеди.

Көксиндеги лала гүллерди,
Баўырыма басқым келеди,
Жүректе муң, көзим селледи...
Бахыт жолын тапқым келеди.

Шөл көксинде сарғыш лалалар,
Үмит пенен таңды бағады,
Бүлбил ҳаўазында нала бар,
Муңлы қәлбим тарын қағады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Налышқа малынған сол нама,
Қәсте бағрым тырнап кетеди,
Жүрегиме ништер ол нала,
Отлы шоқта кабаб етеди...

„Жорға ашар“ заңғар шайтанат,
Жаным шерли әрман бағында,
Сынбайды қайысар ҳақыйқат,
Периште паяндоз жолында.

Үмит туўы шыңға таласып,
Желбирейди қәлбим төринде,
Жанса ығбал, дәўлет жарасық,
Гүл ғумшалар еле көксимде.

*сентябрь 1991-жыл*

## ҚӘЛБИМ ТУЙҒЫСЫ

Бос қалған шайтанлық сыйыңнан,
Ҳақ жолы қайсы деп сыйынған,
Тоқ оның қанаат қалтасы,
Тойған бир қозыдай қызыңман.

* * *

Бойымдай бой көп ғой қатарда,
Ойымдай ой таппай қыйналдым,
Дәлиден дуп-дуўры айтарда,
Ҳақ сөйлеп, кемирек сый алдым.

* * *

Басында көп болды досларым,
Оларсыз батпады асларым,
Ўақыт - бул тәрези таслары,
Араны айырып таслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Дуньа деп жақпадым жанымды,
Пәкликке сиңирдим қанымды,
Ел ушын хызметке арнадым,
Ар-намыс, ақыл-ес аңымды.

## САЎАЛЫМ БАР, АТАЖАН

*-Ата, жетим нешеў болады?!*
*-Балам, жетимниң саны бола ма,*
*Ақылға салсаң, жетим көп...*

Сырласқандай сыңар жоқ,
Шерли жатқан сыр жетим.
Арқа сүйер аға жоқ,
Муңлы қусша, қыз жетим,

Үйрек ушып ғаз қонбас,
Мөлдир тынық көл жетим,
Бийдәўлетке бағ қонбас,
Қолы келте ер жетим.

Толқып тасып аққанда,
Қумға сиңген суў жетим.
Бәлент шыңға шыққанда,
Қулап түскен туў жетим.

Тыңлаўшысы болмаса,
Айтқан ҳасыл сөз жетим.
Көклемзарлық сарғайса,
Көрер муңлы көз жетим.

Қоллаўшысын таппаған,
Өнер толы қол жетим.
Кәрўаны жоқ қатнаған,
Жолаўшысыз жол жетим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрели сөз айталмас,
Сәрдары жоқ ел жетим.
Толы тегин шайқалмас,
Елсиз қалса, жер жетим.

Шар тәрептен шара жоқ,
Даўасы жоқ дәрт жетим.
«Пәс» тен кеўли қара жоқ,
Қолға түскен мәрт жетим.

Уўысыма енбесең,
Сорлы атаң мен жетим,
Жөнсизлигиң жөн десем,
Ақыбетте сен жетим.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Сезимлер курсаўына оранған поэзия ..... 3
Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял! ..... 6
Бейиштен орныңды табасаң, ҳаял ..... 8
Қарлығаш екен қыз бала ..... 8
Ана Жер-Ана ..... 10
Хош кал сен, қыз тахтым — алтын дәўраным ..... 11
Излемеске төзим жоқ ..... 11
Сезбедин бе сен?! ..... 12
Қыз сыры ..... 13
Күтермен жаным ..... 13
Мен өзине ашық болған қусайман ..... 14
Қыз сағынышы ..... 14
Ҳәзирети хаял ..... 15
Көринбес ..... 15
Өзбекстан ана диярым ..... 16
Әмиўдәрьяға шағыныў ..... 17
Ағалар ..... 18
Мәңгидур уллылық жолы Бердақтың ..... 19
Сизди оқысам ..... 19
Гүлайша апа ..... 20
Мен қызыман қарақалпақ халқының ..... 21
Қызлары бар халқымның ..... 22
Аўылласларым ..... 23
Шахаманым ..... 23
Қуўат бер сен, Тумариса анажан ..... 24
Хаял элегиясы ..... 26
Ҳаяллар ..... 27
Бахытты күтиўден жалықпаң, ҳаяллар ..... 29
Естелик орнатың хаялға! ..... 30
Мәрдана ҳаял ..... 31
Таба алмас ..... 31
Муңлас қус қарлығаш ..... 32
Саялы әке — байтерек ..... 33
Әзийзим ана ..... 35
Туңғышым Әлийшерге ..... 36




www.ziyouz.com kutubxonasi

Мехирдиң булағы — өзиң әжапа ........ 35
Улыма ........ 37
Улым Айдостың естелигине ........ 38
Ана ғаз туўралы баллада ........ 39
Арал арыўының монологы ........ 39
Атам ойға талар қайық қасында ........ 40
Не қылып жүрипсиз, балажанларым?! ........ 42
Бийпәрўалар байқамас ........ 43
Шайыр деп ҳеш атама мени ........ 44
Муҳаббат ........ 45
Женгежан ........ 46
Адамлар ........ 46
Мен сени сүйемен, адамлар ........ 47
Шах-Аман ........ 49
Қәлбимдеги ҳәйкел ........ 50
Қызыңман ........ 51
Айша апаға ........ 53
Наўрызайман, келдим сағынып ........ 53
Женгеме ........ 54
Сени излеймен ........ 55
Устазыма ........ 55
Бийғубар балалық — патшалық екен ........ 56
Гүл ғумшалар еле көксимде ........ 57
Қәлбим туйғысы ........ 58
Саўалым бар, атажан ........ 59



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Гүлистан ДӘЎЛЕТОВА*

# СЕНИҢ ДӘРТИҢ МЕНЕН ЖАСАЙМАН, ҲАЯЛ!

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис —2001*

| | |
|---|---|
| Редакторы | *Гүлжаҳан Тажетдинова* |
| Художниги | *Исмайыл Қыдыров* |
| Тех.редактор | *Турсынбай Өтегенов* |
| Корректорлары | *Арзыхан Аташева* |
| | *Венера Байлепесова* |



www.ziyouz.com kutubxonasi

ИБ № 2154

Териўге берилген ўақты 2.06.2001. Басыўға рухсат етилген ўақты 6.06.2001. Қағаз форматы 60 х 84 1/16 Гарнитурасы «Таймс». Кегль 9. Офсет усылында басылды. Көлеми 4,0 баспа табак. 3,72 шәртли баспа табак. 2,1 есап баспа табақ. Жәми 8000 нусқада. Буйыртпа № 127 Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы,
*742000, Нөкис, Қарақалпақстан көшеси №9*

Қарақалпақстан Республикасы
Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң
Нөкис полиграфкомбинаты
*742000. Нөкис, Қарақалпақстан көшеси №9*

www.ziyouz.com kutubxonasi